



Pou Piblikasyon Imedya: 15/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE JOUNEN LAPÈCH LIB NAN DLO DOUS AN 2023 NAN NEW YORK

Pechè yo gen opòtinite pou peche nan dlo dous san lisans soti 18 pou rive 19 fevriye.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a dat 2023 pou Jounen Lapèch Lib nan Dlo Dous New York la. Yo anile egzijans pou yon lisans lapèch nan dlo dous pandan sis jou sa yo ane sa a: 18 pou rive 19 fevriye; 24 pou rive 25 jen; Jounen Nasyonal Lachas ak Lapèch, 23 septanm; ak 11 novanm.

"Jounen lapèch gratis la ofri pechè etabli yo yon opòtinite pou pataje pasyon yo pou lapèch ak moun ki ka pi nouvo nan espò a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Epapiye jou sa yo pandan tout ane a bay pechè ki gen tout laj, kapasite, ak nivo eksperyans yon chans pou yo peche atravè sezon yo epi dekouvri opòtinite lapèch abondan nan New York -- sa k ap benefisye ekonomi lokal nou yo nan pwosesis la."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Pandan ane yo, DEC te resevwa fidbak nan men moun ki te pran espò a an pèmanans apre yo te asiste youn nan jounen lapèch lib nan dlo dous nan New York, epi se yon bagay nou renmen tandè. Lapèch nan dlo klas mondyal New York yo plis pase jis yon opòtinite pou jwi gwo aktivite anplennè pandan tout ane a, se yon chans pafè pou pase tan epi konekte ak fanmi ak zanmi."

DEC ofri plizyè resous pou moun ki enterese aprann kijan pou peche tankou [Gid pou Debitan pou Peche nan Dlo Dous, I FISH NY](#) la, ki bay enfòmasyon sou tout bagay soti nan fason pou manevre yon kàn pèch rive nan idantifikasyon priz la ak konpreyansyon règleman lapèch yo ak konsèy itil pou moun ki enterese nan lapèch nan glas. Genyen tou yon seri videyo ki konplete Gid pou debitan yo ke yo ka jwenn sou [chanèl YouTube DEC](#) la. [Pajwèb Plas pou Peche](#) DEC la se yon sous enfòmasyon fyab lè w ap planifye yon vwayaj lapèch. DEC te fèk pibliye yon nouvo karakteristik nan aplikasyon ofisyèl DEC a, [HuntFishNY](#), ke yo rele 'The Tackle Box'. Kounye a, règleman lapèch, aksè ak bato ak enfòmasyon sou estokaj yo tout disponib nan yon entèfas ki baze sou yon kat apati telefòn entèlijan ou.

Tanperati ki pi frèt ap kreye gwo opòtinite pou lapèch nan glas, ak espès popilè pou vize atravè glas nan New York ki gen ladan pèch jòn; pik nò; dore jòn; twit lak; twit mawon; somon atlantik; ak krapè nwa. Moun ki enterese nan lapèch glas ta dwe tcheke epesè glas la anvan ou kite rivaj la. Anjeneral, pa gen danje pou pechè yo moute sou kat pous glas solid a pye. Sepandan, epesè glas ka varye ant mas dlo e menm nan menm mas dlo a, sa ka ogmante bezwen pou asire epesè. Pechè yo dwe mefye yo de zòn kote dlo yo an mouvman e bò kote waf ak kay kote yo ka enstale bil yo pou redwi akimilasyon glas. Ou ka fè tès glas la fasilman ak yon goj oubyen yon fè glas nan diferan pwèn. Anplis de sa, yo ankouraje lapèch ak yon manm fanmi oswa yon zanmi tou pou sekirite. Boutik apa ak ekipman lapèch se yon gwo sous pou chèche konnen ki kote ki gen glas ki an sekirite ak sa pechè yo ap pran. Pou plis enfòmasyon sou lapèch glas, ki gen ladan espès pwason enpòtan anpil pandan mwa ivè yo ak konsèy sou sekirite glas, vizite [sit wèb lapèch nan glas](#) DEC la.

Anplis Jounen Lapèch Lib la, gen opòtinite pou "aprann lapèch" ki disponib atravè klinik lapèch gratis DEC apwouve yo. Pou yon lis sa ki pwograme kounye a, vizite sitwèb [DEC la](#). Yo pral mete sit lla ajou pandan nouvo evènman yo ap ajoute pandan tout ane a.

Pwogram Lapèch Lib la te kòmanse nan lane 1991 pou bay moun ki ta pa ka peche yo yon chans pou eseye amizman anrichisan sa gratis, pou entwodwi moun a nouvo lwazi, epi pou ankouraje moun sipòte espò a lè yo achte yon lisans lapèch nan dlo dous nan Eta New York.

Y ap raple moun k ap patisipe nan jounen lapèch lib yo ke byenke moun pa bezwen lisans pou yo peche pwason nnan dlo doud pandan jounen lapèch lib yo, tout lòt règleman lapèch yo rete an vigè. Eksepte jou lapèch gratis, pechè ki gen 16 an oswa plis dwe gen yon lisans lapèch ki valab. Pou plis detay sou achte yon lisans, vizite [sit entènèt DEC lae](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418